

MASSACHUSETTS

Safe Routes to School

Gid referans pou ajan k ap ede moun travèsè lari
Edisyon 2026



TAB MATYÈ

SEKSYON	PAJ
Entwodiksyon.....	3
01. Wòl ak Responsablite	4
02. Pwosedi pou travèse lari	5
03. Pwosedi nan Ka Ijans yo.....	7
04. Jan yo atann pou w konpòte w.....	10
05. Ekipman	11
06. Egzijans yo.....	11
07. Kalifikasyon yo rekòmande yo.....	13
08. Gid pou fòmasyon ak resiklaj.....	14
09. Kowòdinasyon pwogram nan ak jesyon anplwaye yo.....	15
10. Responsablite ak diminisyon risk.....	16
11. Resous	17
Gid referans rapid pou ajan k ap ede timoun lekòl travèse lari nan Massachusetts.....	18



REMÈSIMAN ESPESYAL

pou tout ajan k ap ede
moun travèse lari nan
Massachusetts ki parèt
nan gid nou an

ENTWODIKSYON

Moun k ap fè timoun yo travèse lari a jwe yon gwo wòl pou pwoteje elèv nou yo chak jou. Travay yo a mande pasyans, kouraj, ak anpil atansyon — souvan y ap travay anba move tan epi nan kondisyon trafik ki ka chanje nenpòt kilè. Ajan k ap ede moun travèse lari yo se ewo nan kominote a, ki mete pwòp lavi yo an danje pou elèv yo ka kòmanse jounen yo ak konfyans epi ak kè poze.

Gid sa a esplike an gwo ki responsablite moun k ap fè moun travèse lari yo genyen, fason yo dwe konpòte yo, sa pou yo fè lè gen ijans, ansanm ak materyèl yo dwe genyen. Li fèt pou administratè lekòl yo, ajan sekirite piblik yo, ak lòt anplwaye ki la pou sipèvize oswa bay fòmasyon ak moun k ap ede moun travèse lari yo.

Nan fen gid sa a, yo mete yon senp paj ki sèvi kòm “Referans rapid” ki fèt pou ajan k ap ede moun travèse lari yo. Dokiman sa a ki pi kout la ranfòse menm pwosedi baz yo, epi li asire tout bagay fèt menm jan nan tout eta a.



01 | WÒL AK RESPONSABLITE

AJAN GRANMOUN K AP EDE TIMOUN TRAVÈSE LARI SE MOUN YO FÈ KONFYANS POU SEKIRITE ELÈV YO.

Men prensipal responsablite yo:

- Ede moun travèse lari a an sekirite.
- Raple chofè yo pou yo fè atansyon ak pyeton yo.
- Siveye epi rapòte tout sitiyasyon oswa konpòtman ki danjere.
- Ankouraje sekirite anndan ak ozalantou zòn lekòl yo.
- Bay bon egzanp sou fason pyeton yo dwe pridan epi aji an moun responsab.

Sonje:

Ajan k ap fè moun travèse lari yo **pa** dirije sikilasyon an. Travay yo se kanpe trafik la yon ti moman pou fè yon pasaj an sekirite, epi fè yon siy byen klè pou montre moun k ap mache a pye yo ki lè pa gen danje pou yo travèse.


02

PWOSEDI POU TRAVÈSE LARI


RAPÈL SOU LWA MASSACHUSETTS

Daprè lalwa nan Massachusetts, chofè yo dwe kite pyeton yo pase si pyeton yo sou menm mwatye lari ak machin nan, oswa si yo a mwens pase 10 pye anvan yo rive nan mwatye lari sa a. Moun k ap fè moun travèsè lari yo ede aplike lwa sa a lè yo kanpe machin yo pou moun ka pase an sekirite, epi yo fè chofè yo wè gen moun k ap janbe lari a.


Ajan k ap fè elèv yo travèsè lari a dwe swiv etap sa yo chak fwa y ap ede yo travèsè:



Rasanble elèv yo bò twotwa a, epi fè yo kanpe omwen yon pa lwen lari a. Rete kanpe sou twotwa a pandan w ap tann moun yo rasanble.



Tann gen yon bon espas ant machin yo pou w ka pase an sekirite. Lè yo pale de yon *espas*, sa vle di pa gen okenn machin k ap pwoche sou ou nan yon distans 100 a 200 pye (sa ki reprezante prèske mwatye yon teren foutbòl).



3
Avanse kote moun yo ap travèse a,
 kenbe pankat STOP la wotè zepòl ou,
 epi fè fas ak machin k ap vini yo.



4
Fè kontak je ak chofè yo. Asire w tout
 machin yo kanpe nèt.




5
Kanpe nan pasaj pyeton an, fè fas ak
 machin yo, epi voye je gade toupatou
 san rete. Ajan k ap ede moun travèse
 lari yo pa dwe dirije sikilasyon an,
 tankou pou yo ta ap bay machin yo lòd
 pou yo vire.



6
Pale byen fò pou di moun yo mèt
travèse. Di, "Oke, nou mèt travèse
 kounye a! Pa fè siy ak men w pou sa
 pa twouble chofè yo.



7
Rete nan pozisyon ou jiskaske tout
 moun rive sou lòt bò twotwa a.



8
Tounen nan pòs yo ak pankat STOP la
 leve anlè.

Wout ki gen plizyè vwa:

Pou wout kote moun ap travèse ki gen kat (4) vwa oswa plis, fòk gen de (2) granmoun k ap travay ansanm pou ede moun yo travèse. Moun k ap ede moun travèse lari a ki kanpe sou bò kote moun yo ap kòmanse travèse a, se li ki bay premye siyal la. Epi lòt moun k ap ede moun travèse a ki sou lòt bò lari a fè menm jès avè l, pou yo ka kanpe machin k ap vin nan tou de direksyon yo.



03

PWOSEDI NAN KA IJANS YO

Moun k ap ede moun travèse lari yo pa premye sekouris, men yo ka oblije aji rapid lè gen yon ijans. Yo ankouraje pwogram yo pou yo bay moun k ap ede elèv yo travèse lari a bwat premye swen. Epitou, li ta bon pou yo ba yo fòmasyon sou premye swen ak CPR (fason pou ede yon moun respire), konsa y ap santi yo pare pou nenpòt sitiyasyon.

Pandan yon ka ijans oswa nenpòt lòt sitiyasyon grav, moun k ap ede elèv travèse lari yo dwe swiv etap sa yo pou pwoteje tèt yo epi kenbe tout elèv yo an sekirite:



- 1** Moun k ap ede moun travèse lari yo dwe asire sekirite tèt pa yo an premye. Si kote a pa an sekirite, oswa si moun k ap ede moun travèse lari a blese, pa eseye al ede.
- 2** Moun k ap ede elèv yo travèse lari a dwe kenbe tout elèv yo ansanm sou bò wout la oswa sou twotwa a, epi yo dwe fè yon ti kanpe sou afè travèse a. Lè yo fè sa, y ap kapab mete sekirite ak siveyans tout gwoup la an premye.
- 3** Ou dwe rele sèvis ijans (911) tousuit, oswa mande yon lòt granmoun fè apèl la.
- 4** Pa deplase moun ki blese yo, sof si lavi yo andanje kote yo ye a.
- 5** Ajan k ap ede elèv travèse lari yo, ki resevwa fòmasyon epi ki gen sètifika, kapab bay premye swen oswa fè CPR. Yo kapab fè sa sèlman lè pa gen okenn danje, epi lè tout elèv yo deja an sekirite ak anba siveyans. Si w kòmanse fè yon moun CPR, fòk ou kontinye san rete jiskaske moun ki gen fòmasyon pou sa rive vin ranplase w.
- 6** Kou ekip ijans yo rive, se yo ki dwe gen tout kontwòl kote bagay la pase a.
- 7** Fòk yo fè sipèvizè moun k ap ede moun travèse lari a konnen sa k pase a, epi fòk yo ranpli yon rapò sou ensidan an pi vit posib.

Sonje:

Lwa *Bon Samariten Eta* Massachusetts *la (M.G.L. c. 112 § 12V)* pwoteje tout moun ki bay èd nan yon ka ijans, depi yo aji yon fason ki rezonab epi ak bon entansyon. Moun k ap ede moun travèse lari yo ap jwenn pwoteksyon sa a, depi yo aji selon fòmasyon yo te resevwa a, epi yo pap fè l pou lajan.



04 | OBSÈVASYON AK FÈ RAPÒ

MOUN K AP EDE MOUN TRAVÈSE LARI YO, SE YO KI "JE LARI A". SA YO REMAKE YO ENPÒTAN ANPIL POU KENBE ELÈV YO AN SEKIRITE EPI FÈ ZÒN BÒ LEKÒL YO VIN PI BON.

Moun k ap ede moun travèsè lari yo dwe fè sipèvizè yo konnen nenpòt nan bagay sa yo:

- Chofè k ap fè twòp vitès, ki distrè, oubyen ki pa kanpe.
- Moun k ap mache nan lari san fè atansyon, oubyen elèv k ap fè kont.
- Travay konstriksyon, machin ki mal pake, oswa pwoblèm pou wè klè.
- Pwoblèm nan lari a ki ka bay danje, tankou pil nèj ki bloke twotwa, kote moun travèsè, osinon ti ranp sou kote lari a, pankat ki kase, oubyen nenpòt lòt bagay ki anpeche moun pase lib.
- Limyè ki gate oubyen ki bloke.
- Mouvman sispèk oubyen sitiyasyon danjere toupre lekòl la.
- Elèv ki pa mete kas oubyen ki pa mete kas yo byen.

05

JAN YO ATANN POU W KONPÒTE W

MOUN K AP EDE TIMOUN TRAVÈSE LARI YO REPREZANTE NI LEKÒL LA NI KOMINOTE A.

Yo sipoze aji tankou pwofesyonèl, epi gen bon jan rapò ak elèv yo, fanmi yo, ansanm ak chofè yo. Règ sa yo montre ki jan ou dwe konpòte w lè w ap travay:

- Moun k ap ede moun travèse lari yo dwe rive alè, epi yo dwe rete veyatif pandan tout tan y ap travay la.
- Moun k ap ede moun travèse lari yo dwe gen tout materyèl yo bezwen yo nan men yo, chak fwa yo vin travay (gade pi ba a pou plis detay).
- Ou pa gen dwa manje, bwè, ni fimen pandan w ap travay.
- Moun k ap ede moun travèse lari yo dwe rete kanpe nan pòs yo, sof si gen yon ijans.
- Fòk tou de (2) men w rete lib — pa sèvi ak parapli oswa lòt bagay ki ka jennen mouvman w.
- Lè w ap pale ak elèv yo ak chofè yo, ou dwe montre respè pou yo, men fòk ou fèm tou.
- Fòk ou toujou rete poze, kwè nan tèt ou, epi aji byen ak moun.
- Moun k ap ede moun travèse lari yo dwe swiv lòd sipèvizè yo.
- Ou dwe respekte lè travay ou ak kote yo mete w travay la; pou fè nenpòt chanjman, fòk ou jwenn pèmisyon anvan nan men moun ki responsab yo.



06 | EGZIYANS NAN ZAFÈ EKIPMAN

Moun k ap ede moun travèse lari yo dwe itilize bonjan ekipman sekirite ki otorize, yon fason pou tout moun ka wè yo klè epi pou yo ka fè travay yo byen. Egzijans sa yo soti nan Manyèl [FHWA sou Aparèy pou Kontwole Sikilasyon yo \(MUTCD, Pati 7D\)](#) ansanm ak Bilten Sekirite [MassDOT pou Moun k ap Ede Timoun Travèsè Lari yo \(Mas 2025\)](#). Sèvi ak tablo ki anba a pou w ka sèten tout materyèl yo respekte règleman sekirite yo, epi yo parèt byen klè jan yo mande l la.

TABLO 1: EKIPMAN OU OBLIJE GENYEN AK SA OU PA OBLIJE GENYEN

EKIPMAN

DESKRIPSYON / ESTANDA

Rad sekirite ki reflete limyè (Obligatwa)



Fòk li jòn-vèt fliyoresan oswa oranj-wouj fliyoresan, epi fòk li gen youn nan etikèt sa yo: ANSI/ISEA 107-2004 Klas 2 oswa Klas 3, oubyen ANSI/ISEA 107-2015 Tip R2 oswa Tip R3. Rad la dwe gen bann ki reflete limyè sou toude zepòl yo, ansanm ak yon bann ki fè tout wonn kò a.

- Mete l kòm dènye rad sou ou.
Yo pa aksepte jile ki fèt tankou bavèt oswa senti sekirite ki kwaze yo.

Pankat STOP la (Obligatwa)



Yon pankat wouj ki gen uit bò, avèk yon rebò blan k ap klere lè limyè frape l, ansanm ak lèt ki mezire 6 pous k ap klere tou, ni sou devan ni sou dèyè. Gwosè minimòm lan se 18 pous. Li ka gen limyè LED ladan l pou moun ka wè l pi byen. Yo rekòmande pou w sèvi ak yon baton oswa yon manch pou w ka byen kenbe ekilib ou, epi pou kò w ka pi alèz.

Chapo ki reflete limyè (Rekòmande)



Li dwe respekte nòm ANSI/ISEA Tip R2 oswa R3 a, pou yo ka wè w byen klè nan mitan machin k ap pase yo.

Siflèt (Rekòmande)



Sèvi avè l sèlman pou avèti chofè ki pa fè atansyon yo — pa janm sèvi avè l pou fè elèv yo siy.

Sonje:

Yo dwe verifye ekipman an regilyèman epi ranplase l lè l domaje oswa lè koulè a pèdi pou l toujou respekte nòm vizibilite eta a ak gouvènman federal la.



07

KALIFIKASYON YO REKÒMANDE YO

Moun k ap fè elèv yo travèse lari gen yon gwo responsablite pou sekirite elèv yo epi yo dwe gen kalite sa yo:

- Bon kondisyon fizik (je wè byen, zòrèy tande byen, epi ou ka mache oswa deplase san pwoblèm).
- Kapasite pou pale klè epi ak kalm.
- Fyabilite, respekte lè, ak pwofesyonalis.
- Lespri ou dwe klè epi ou dwe pare pou fè travay la an sekirite.
- Kapasite pou rekonèt danje epi reyaji vit.
- Gen yon gwo sans responsablite epi renmen pran swen timoun.



08

GID POU FÒMASYON AK RESIKLAJ

FÒMASYON REGILYE SOVE LAVI

Fòmasyon pou moun k ap ede lòt moun travèse lari a dwe gen bagay sa yo ladan l:

- **Premye fòmasyon an:** nan premye mwa travay la.
- **Fòmasyon resiklaj:** chak 2 zan, oswa si yo chanje w pozisyon.
- **Revizyon pwosedi ijans yo:** chak ane anvan lekòl louvri.

Yo ankouraje pwogram nan Massachusetts yo pou yo sèvi ak menm règ fòmasyon pou tout eta a. Règ sa yo dwe chita sou [Manyèl FHWA ki la pou kontwòl sikilasyon \(Pati 7D\)](#) ansanm ak [direktiv Sant Nasyonal pou asire wout lekòl yo ansekirite](#).



09

KOWÒDINASYON PWOGRAM NAN AK JESYON ANPLWAYE YO

Yon bon kowòdinasyon ak ase anplwaye se bagay ki enpòtan anpil pou pwogram ajan k ap ede moun travèse lari yo ka an sekirite, toujou la pou bay sèvis, epi dire lontan. Lè nou mete bon jan sistèm sou pye, lè chak moun konnen egzakteman kisa ki sou kont yo, epi gen bon kominikasyon, sa ede garanti sekirite, li fè travay la mache byen, epi li pwoteje nou kont pwoblèm lajistis.

Administratè pwogram yo dwe:

- Tcheke regilyèman konbyen anplwaye nou bezwen epi asire tout zòn lekòl yo gen moun ki pou kouvri yo.
- Tanzantan, tcheke ankò kote ajan k ap ede moun travèse yo kanpe a, pou w asire plas sa yo toujou bon pou sitiyasyon jodi a, tankou kantite machin k ap pase, kote moun a pye yo pase plis, osinon nenpòt nouvo konstriksyon ki fèt.
- Byen veye kote y ap travèse lari a ki bò ti makèt yo oswa lòt zòn ki gen anpil mouvman, paske kote sa yo ka gen plis danje pou sekirite elèv yo.
- Kenbe yon bon kominikasyon ant lekòl yo, lapolis, ak anplwaye lameri yo.
- Enplike anplwaye lekòl la oswa volontè ou fè konfyans, pou asire travay la pa janm kanpe epi pou gen moun ki pare pou pran relèv la.
- Fè konnen byen ki kote ak ki lè chak moun ap travay.
- Byen tcheke, bay bon fòmasyon, epi ekipe gad yo kòm sadwa.
- Pataje orè yo ak pwosedi yo avèk pwofesè yo ansanm ak fanmi yo.
- Tcheke asirans ak papye tout anplwaye yo ak tout pòs yo.



10 | RESPONSABLITE AK DIMINISYON RISK

Lalwa pwoteje moun k ap ede pyeton travèse lari yo ansanm ak enstitisyon kote y ap travay la. Yo p ap responsab okenn dega ki fèt, toutotan y ap fè travay yo jan yo sipoze fè l la epi yo respekte tout prensip yo byen.

Pou diminye risk yo:

- Asire w tout ajan k ap ede moun travèse lari yo resevwa menm kalite fòmasyon an.
- Sere tout papye ki gen rapò ak fòmasyon ou ansanm ak travay ou gen pou fè.
- Bay tout ekipman ki nesèsè yo.
- Toujou tcheke jan kote n ap travay la ye, epi si gen yon bagay ki chanje, fè konn sa byen vit.



11 | RESSOUS

1. Massachusetts Safe Routes to School Website (Sitwèb Wout san Danje pou ale Lekòl nan Massachusetts)
www.mass.gov/safe-routes-to-school
2. Bilten Sekirite MassDOT pou Ajan k ap Ede Moun Travèse Lari (Mas 2025)
www.mass.gov/doc/crossing-guard-safety-bulletin-march-2025/download
3. Manyèl Ajans Federal pou Wout yo (Federal Highway Administration, FHWA) sou Siy ak Ekipman Estanda pou Kontwole Sikilasyon (Pati 7D)
https://mutcd.fhwa.dot.gov/pdfs/11th_Edition/part7.pdf
4. Lwa Bon Samariten Eta Massachusetts la (M.G.L. c. 112 § 12V)
<https://malegislature.gov/Laws/GeneralLaws/PartI/TitleXVI/Chapter112/Section12V>
5. Sant Nasyonal Wout san Danje pou ale Lekòl – Gid pou Ajan k ap Ede Moun Travèse Lari
http://guide.saferoutesinfo.org/crossing_guard/
6. Colorado DOT – Fòmasyon ak Pwogram (2022)
<https://www.codot.gov/programs/bikeped/saferoutes/training-curriculum>
7. New Jersey DOT – Videyo fòmasyon pou moun k ap ede moun travèse lari
youtube.com/playlist?list=PLoA0XAFUGtsCiTfbEcQMapw8tZADAibOS

GID REFERANS RAPID POU AJAN K AP EDE TRAVÈSE LARI

(POU MOUN K AP EDE MOUN TRAVÈSE LARI A – KENBE SA ANSANM AK EKIPMAN W YO)

Konnen sa lalwa di

Nan Massachusetts, chofè yo oblije kanpe nan pasaj pyeton an si yon moun ap travèse menm bò wout kote machin nan ye a, oswa si li rive nan 10 pye pou l travèse bò sa a. Travay ou se fè respekte lwa sa a lè w ede kreye yon espas san danje nan sikilasyon an epi asire chofè yo wè elèv k ap travèse yo. Ajan sekirite pyeton yo pa dirije sikilasyon machin yo – yo sèlman rete machin yo lè sa nesèsè pou pèmèt pyeton yo travèse an sekirite.

<p>1</p>  <p>Rasanble elèv yo bò twotwa a, epi fè yo kanpe omwen yon pa lwen lari a.</p>	<p>2</p>  <p>Tann gen yon bon espas ant machin yo pou w ka pase an sekirite. Lè yo pale de yon espas, sa vle di pa gen okenn machin k ap pwoche sou ou nan yon distans 100 a 200 pye.</p>
<p>3</p>  <p>Avanse kote moun yo ap travèse a, kenbe pankat STOP la wotè zepòl ou, epi fè fas ak machin k ap vini yo.</p>	<p>4</p>  <p>Fè kontak je ak chofè yo. Asire w tout machin yo kanpe nèt.</p>
<p>5</p>  <p>Kanpe nan pasaj pyeton an, fè fas ak machin yo, epi voye je gadè toupatou san rete.</p>	<p>6</p>  <p>Pale byen fò pou di moun yo mèt travèse.Di, "Oke, nou mèt travèse kounye a! Pa fè siy ak men w.</p>
<p>7</p>  <p>Rasanble elèv yo bò twotwa a, epi fè yo kanpe omwen yon pa lwen lari a.</p>	<p>8</p>  <p>Tounen nan pòs yo ak pankat STOP la leve anlè.</p>

Wout ki gen plizyè vwa: De (2) moun k ap ede moun travèse yo travay ansanm — premye a kòmanse aksyon an sou yon bò lari a, epi lòt la ki anfas li a fè menm jès la sou lòt bò a.

Pwoteje tèt ou, Fè moun wè w

Daprè regleman sekirite federal ak leta yo (**MUTCD, Pati 7D**), moun k ap ede moun travèse lari yo oblije sèvi ak kèk ekipman espesyal k ap fè moun wè yo fasil. Se sipèvizè nan zòn nan oswa lakomin ki responsab pou bay ekipman sa yo epi pran swen yo.

- ✓ **Mete vès oswa rad pwoteksyon ki briye a** (ANSI Klas 2) sou tout lòt rad ou yo, pou moun ka wè w byen.
- ✓ **Sèvi ak pankat STOP ou a** (wouj, ki gen 8 kote, omwen 18 pous, ak lèt blan 6 pous).
- ✓ **Si w vle:** Yon chapo ki reflekte limyè ak yon siflèt (sèvi ak siflèt la sèlman pou chofè ki distrè oswa ki pa fè atansyon yo).
- ✓ **Kite tou de men w vid** — pa gen zafè kenbe parapli, bagay pou bwè, oswa telefòn nan men w lè w ap janbe lari a.

Reyaji ak kalm lè gen yon ijans

Rete kalm epi konsantre w. **Priyorite w, se toujou sekirite elèv yo ak fanmi yo.**

1. Kenbe tout elèv yo ansanm sou bò wout la oswa sou twotwa a.
2. Rele 911 oubyen mande yon lòt granmoun fè sa.
3. Pa deplase yon blese, sòf si l an danje kote l ye a.
4. Si w konn ki jan pou w fè sa, bay moun nan premye swen oswa fè CPR pou li jiskaske èd la rive.
5. Fè sipèvizè w la konnen sa pi vit posib.

Je sou lari a

Fè sipèvizè w konnen nenpòt:

- Konpòtman chofè oubyen pyeton ki danjere
- Pwoblèm konstriksyon oubyen pwoblèm pou wè klè
- Panno ki kase, nèj, oubyen pasaj pou moun travèse ki bloke
- Pwoblèm sekirite tankou pa mete kas oswa pa mete sentiwon sekirite
- Mouvman sispèk bò lekòl la

Rete Serye

Fanmi yo konte sou moun k ap ede timoun yo travèse lari a pou elèv yo ka an sekirite. **Rete nan pòs travay ou jiskaske lè ou fini, epi fè chèf ou konnen si gen moun ki pa vini.**